

# Plesir Neng Negara Poci

Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah

# PLESIR ING NEGRI POCI

## Penulis-Penerjemah

Arvatus Syifa

## Penyunting Penyelia

Ika Inayati

## Penyunting

Mulasih Tary

## Ilustrator

Awan Yustira

## Desain Isi

Aziz Nugroho

## Cetakan Pertama

Desember 2022

## Dimensi Buku

iv dan 96 halaman, 14,8 x 20,5 cm

ISBN 978-623-5793-23-8



## Penerbit

Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah

## Co-Publishing

[publishing.solopos.com](http://publishing.solopos.com)

Hak cipta dilindungi undang-undang. Dilarang mengutip atau memperbanyak sebagian atau seluruh isi buku ini tanpa izin tertulis dari penulis atau penerbit.

# Sambutan

**Kepala Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah  
Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa  
Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi**

Membaca tidak sekadar mengasah sisi intelektualitas, tetapi juga dapat mempertajam sisi perasaan, emosi, serta dapat menumbuhkan budi pekerti yang luhur. Membaca, khususnya karya sastra, dapat pula mengembangkan imajinasi. Kemampuan-kemampuan tersebut dapat dihasilkan dari lingkungan yang sarat dengan budaya membaca. Tentu saja, budaya membaca harus disokong oleh ketersediaan bahan bacaan yang menarik dan uluran tangan pihak-pihak yang turut membantu pelaksanaan kegiatan membaca.

Untuk mewujudkan tujuan dari membaca itu, penyediaan bahan bacaan bermutu dan disukai pembaca menjadi salah satu upaya yang urgen. Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah (BBP Jateng) tentu turut serta untuk mewujudkan tujuan tersebut. Upaya ini pun sebagai dukungan kami untuk menyukseskan Gerakan Literasi Nasional (GLN). Selain melalui penulisan bahan bacaan, kami juga menyediakan bahan bacaan yang dilengkapi dengan penerjemahan ke dalam bahasa daerah. Upaya ini juga, insyaallah, menjadi bagian dari upaya kami melestarikan bahasa daerah, khususnya bahasa Jawa.

Melalui program penulisan dan penerjemahan cerita anak pada tahun 2022, BBP Jateng menyediakan 15 karya cerita anak dwibahasa (bahasa Jawa-Indonesia) yang ditujukan untuk siswa sekolah dasar di kelas atas.

Karya-karya tersebut tentunya bersumber dari budaya lokal masyarakat Jawa dan di dalamnya terdapat nilai-nilai kearifan yang semoga bisa menginspirasi para pembacanya.

Sehubungan dengan itu, orang tua dan guru diharapkan dapat berperan sebagai fasilitator atau pendamping yang membantu kegiatan membaca anak-anak, baik di rumah maupun di sekolah. Dengan demikian, kita dapat berharap anak-anak akan menyukai isi cerita yang ada di dalam bahan bacaan yang kami sediakan ini. Kegiatan literasi bersama dan saling menunjang ini pada akhirnya bisa menumbuhkan kecintaan anak-anak untuk terus membaca dengan senang hati, berkembang dalam lingkungan budi pekerti luhur, sekaligus mengenali dan memahami beragam kosakata bahasa daerah yang hidup dan berkembang di lingkungan mereka.

Atas terlaksananya penulisan dan penerjemahan cerita anak ini, kami mengucapkan terima kasih kepada penulis, penerjemah, penyunting, dan pengelola di Kelompok Kepakaran dan Layanan Profesional (KKLP) Penerjemahan di Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah yang telah bekerja cerdas, serta kepada narasumber yang sangat budiman.

Pada akhirnya, sebuah pencapaian tidak akan bermakna tanpa apresiasi dan saran yang bijak dari pembaca. Kami tunggu kritik dan masukannya.

Selamat membaca dan salam literasi.  
Semarang, 13 November 2022

**Dr. Ganjar Harimansyah**  
Kepala Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah

# 1

## Uleman Sunat Poci

**A**neh! Ora kaya biyasane, saben Raka ulih ulem sunatan saka kancane, mane mesthi nyiapaken kadho. Nanging, dina kiye mane malahan menging.

“Mane, mbokan sing awesh ulem sunatan kuwe, Wa Agi?” takone Raka gumun, “Bisane nyong ora ulih nyiapaken kadho kanggo sedulur tunggal putune nyong dhewek?” jere Raka maning.

Mane Raka malahan ngguyu, “Nang, Wa Agi kuwe ora duwe anak,” jere Mane Raka karo nyambi nglebokaken barang maring bagasi mobil.



"Dhewek kuwe arepan kondangan nekani wong degawe sunat poci." Bapane Raka nyauti, "Kowen ora usah rekasa ana nggawani kadho kanggo poci anapa," jere bapane maning.

Krungu omongane bapane, Raka tambah gumun. Apa kuwe sunat poci?

Raka karo keluarga cilike latan mangkat maring Tegal. Dheweke arepan padha kondangan ning umahe Wane. Wane arane Agi, kakange bapane Raka.

Bapane Raka nyetiri mobil bantere sedhengan. Dheweke arepan ngliwati dalan sing adohe 50 km. Saka umahe dhewek ning Moga maring umahe Wane ning Getaskerep.

Sadawaneng dalan, Raka seneng ngemataken apa bae sing diliwati mobile. Ujug-ujug ana bangunan unik sing narik perhatiane Raka. Bangunan sing bentuke tugu, sikile telu karo ana poci lemah raksasa ning ndhuwure.

"Tugu Poci Slawi," jere Bapane.

Ora let suwe, Raka karo keluargane anjog maring umahe Wane, Desa

Getaskerep, Kecamatan Talang, Kabupaten Tegal.

Umahe wane katon rame. Ana tarub dipasang ning ngarep umahe kanggo tempate dhayoh-dhayoh sing teka. Raka langsung ngudag, nyalami Wane lanang wadon.

Wane ngrangkul Raka, "Kiye ponakane nyong sing ngganteng dhewek!" jere Wane, "Njuh mlebu!" Wane ngejak.

Raka mandengi poci ning njero umahe wane. Ana poci sing aneh, poci aneh kuwe di dokon ning ndhuwure meja, pucuke poci didelehi kapas karo preban.

"Kuwe pocine kenang apa, Wa?" Raka takon penasaran.

"Lubar sunatan," jere Wane karo guyon:

Rakane kebingungan, "Oh, sing jere sunat poci, ya?" takone Raka.

"Wong Tegal sing ora padha due anak, ora bakal bisa nganakna degawe nyunati anak, apa maning degawe nikahaken anak. Tapineng bisa nganakaken degawe nyunati poci atawa mantukna poci" jere Wane.

"Hah? Mantu poci?" Raka tambah gumun.

"Mantu poci kuwe angger dhewek njejeraken poci raksasa loro ning umah. Poci loro kuwe dikalungi kembang mlathi. Poci-poci kuwe diumpamakna sepasang penganten. Poci sing siji dianggep kaya penganten lanang. Latan poci sing sijine maning dianggep kaya penganten wadon. Sing njejeraken poci nganakna hajatan arane mantu poci. Padha bae karo mantu anak, kur anake diganti poci. Adat mantu poci ana ning pirang-pirang desa ning Tegal. Nanging, ning



pirang-pirang desa liane, laka mantu poci, anane sunat poci." jere Wane Raka sing wadon.

"O, kaya kuwe ya, Wa. Apa poci kuwe disunati temenan?" jere Raka.

"Ya ora, nggo apen-apen, nggo simbol thok." njawabe Wane.

"Sabèn keluarga ning Tegal, mesti arepan nganakaken hajatan. Embuh kuwe hajatan sunatan atawa nikahan. Pas ana wong hajatan, Kabèh sedulur, kanca lan tangga pada kondangan. Dheweke padha teka kanggo silaturahmi karo nggawa sumbangan beras atawa duit. Sumbangan kuwe dianggep utang. Sumbangan kudu dibalikaken karo wong sing nggawa, pas sing nggawa kuwe mbesuke nganakna hajatan," jere Wane maning.

"Coba bayangaken! Sabèn taun, Wa nekani puluhan uleman karo nggawa sumbangan. Padahal Wa dhewek ora duwe anak. Asline, ora mungkin Wa nganakaken hajatan sunatan atawa nikahaken anak! Angger Wa ora nganakaken hajatan, umahe Wa ora bakal ketekan dayoh sedhulur atawa tetangga. Wong-wong sing tau tek sumbang ya bakalan bingung. Keprimen carane wong-wong mau mbalikaken sumbangan sing tau Wane gawa? Padahal nggo wong Tegal,

sumbangan kuwe padha karo utang sing kudu dibalikaken.”  
jere Wane wadon.

“Nah, saben wong sing ora duwe anak kaya Wa, olih keadhilan. Mugane, mbah-mbahe wong Tegal nyiptakaken adat sing arane sunat poci karo mantu poci. Nganggo adat kuwe, wong-wong sing ora duwe anak bisa nganakna degawe. Sedulur karo kanca batir padha bisa silaturahmi. Dheweke ya padha gampang mbalikaken sumbangan sing wis tau ditrima. Kowen paham?” Wane Lanang nyambungi.

“Oh, pinter, ya, mbah-mbahe wong kene! Dadi Poci kuwe ora disunati temenan?” jere Raka.

“Ya ora o, kur ditempli preban tok. Loken pocine arep digawa maring dhokter temenan, ndha diguyu temen o, pimen sih, kowen!” jere Wane karo gemuyu.

“Mulane nyong nglarang kowen mbungkus sarung karo klambi koko nggo gawe kadho, jere arepan nggo hadhiah penganten sunate. Wong penganten sunate bae poci. Loken poci arep dinggoni sarung karo koko, nden wagu temen rah,” jere mane Raka. Wong-wong liane pada ngguyu kabeh. Rakane latan nyengir karo ngukuri rambute sing ora gatel.

## 2

### Dolanan Bedhekan

**R**aka bungah bisa ngumpul karo kabeh keluargane ning umahe wane ning Tegal. Raka karo keluargane arepan manggon ning kana anjog pendhak ngarep.

“Karo ngetongaken liburan dawane Raka,” kaya kuwe jere bapane Raka.

Mlebu itungan rong dina Raka ning umahe Wane, keluargane Lik Toto teka. Lik Toto kuwe adhi bontote bapane Raka. Lik Toto uripe ning Pemalang bareng bojone karo anak siji-jine, Opang. Opang umure unda undi karo umure Raka. Tekane Opang gawe Raka tambah bungah.



Esuk kiye, Raka karo kabeh sedulure lagi padha jagongan karo moci. Ujug-ujug Wa Agi medhang pundake Raka karo Opang, ngejak bocah loro mlaku. "Mene kie, tehe karo dicangking! bocah cilik mene bae, mbatiri penganten sunate!" jere Wa Agi karo njagongaken bocah loro ning karpét ruang dayoh, perek meja sing ana poci diperbane. "Njuh pada bedhekan?" jere Wa Agi.

"Bedhekan apa, Wa?" semature Raka karo Opang.

"Angger bisa njawab, kowen arepan tek jak mungghah gunung,"

"Ya wis, gajian, o!"

"Kiye, bedheken! Watu apa sing rasane manis?" jere Wa Agi

Raka karo Opang linguk-lingukan karo mikir jawabane.

"Ader ana watu sing rasane manis?" jere Opang.

"Ya, ana," jere Wa Agi.

Barengan wis suwe mikir, ujug-ujug Opang njawab, "Watu akik!" Wong sing krungu jawabane Opang pada ngguyu.

"Watu ... permen," jere Raka karo ngguyu "Apa sih jawabane, Wa?" Raka takon penasaran.

"Kieh," jere Wa Agi karo ngangkat plastik sing isine gula batu.

"Oh, iya bener, jawabane gula batu." Raka karo Opang pada ngguyu.

"Bedhek maning, Wa!" jalukane Raka.

"Kieh, maning, godhong apa sing bisa diinum?"

"Lah, apa maning kuwe? Loken ana godong bisa diinum?" jere Opang.

Raka meneng bae karo mikir jawabane apa. Matane Raka jelalatan ndelengna kabeh barang sing ana ning umahe wane, latan ujug-ujug ngguyu "Aha! Nyong ngarti!" jere Raka, "Jawabane godong teh," karo ngangkat teh poci sing lagi nggo suguhan.

"Iya bener," jere Wane karo ngguyu.

"Maning, Wa!" jalukane Opang.

"Ya wis, kembang apa sing bisa diinum?"

Si Opang kukur-kukur githok, padahal ora gatel, "Kembange kaya apa rupane?"

"Kembange cilik, warnane putih, mambune wangi nemen, kuwe kembang didadekaken salah sijine kembang nasionale Indonesia,"

"Oh, nyong ngarti! Jawabane kembang mlathi!" jere Opang karo sedhakep latan alise mungguh mudun.

"Bener. Pancen pada pinter bocah-bocah kiye. Sing arane wedang teh kuwe pancen kadang ana sing dicampuri

kembang mlathi ben tambah sedhep mambune," jere Wa Agi.

"Kieh, siji maning pertanyaane. Watu apa sing bisa ngilang angger dicemplungaken ning banyu?"

Raka langsung ngakak "Bah, kuwe, tah ya, jawabane mesthi gula batu maning."

"Masa pertanyaane sing jawabane ana ning kene kabeh, Wa?"

"Ya, tapineng bisane jere kowen gula batune mlayune maring endi? Bisane bisa ngilang?"

"Bah, kuwe, tah ya, jawabane gampang, kan gula batune luntur latan nyampur maring banyune, mulane dadine gulane katon ilang,"

"Berati asline gulane ora ilang?"

"Ya, ora lah, Wa. Kur ganti rupa thok, saka gula sing asale rupane bendha padhat kaya watu dadi benda cair sing rupane kaya banyu. Loken Wa Agi ora ngarti?"

Wa Agine gemuyu kel-kelan "Ya, nyong ngarti nemen, o, kuwe tah nyong ngetes kowen sekolane pinter pora?" jere Wa Agi.

"Wa, tapi nyong heran. Bisane wong kene kari nginum teh nganggo gula batu, li ora diudhek, ndha suwe temen, o, ngenteni tehe dadi manis, ora luntur-luntur gulane?" takone Opang.

"Iya, nyong naha angger gawe wedang teh manis, gulane diudhek eben cepet luntur toli age-age diinum,"

"Kuwe artine moci nggo wong Tegal. Dadi ora kur wadhahe thok sing nganggo poci lemah, mocine ya nganggo gula batu. kuwe kiraneng gulane suwe sue-lunture, karo nunggu gulane luntur, dhewek bisa akeh kandahan, ngraketaken seduluran. Dadi pas tehe wis manis, uripe kowen ya manis merga kandah karo guyon kambi sedulur. Kaya saiki, kari moci karo guyon bedekan. Wedange manis, wajahe kowen-kowen ya sumringah ngguyu, pada manise karo wedange." jere Wa Agi.

"Bener ya, Wa! Dari pada nginum, glek, glek, terus uwis mlayu kayong kurang nikmat, ya?" jere Opang

"Iya, pancen." Rakane setuju.



### 3

## Ketemu Negara Ajib

**A** cara sunat pocine Wa Agi akhire pragat. Nanging, Opang karo Raka isih duwe waktu kanggo nutugaken liburane anjog poleng pendhak.

"Pung-pung kowen isih manggon ning Tegal, njuh sidakaken munggah gunung!" ujug-ujug Wa Agi ngejak.

"Loh, jebule Wa Agi temenan ngejak dhewek munggah gunung, ya?" jere Raka semangat pisan.



"Ya iya o. Nyong kan wis janji," jere Wa Agi.

"Mana, o, seneng-seneng karo Wane!" jere bapane Opang karo Raka

"Bapane ora melu?" takone Opang

"Dhewek, ta, arepan mbantu bersih-bersih umahe Wane ndhisit, o," jawabane bapane Raka karo bapane Opang.

"Ya wis," jere Opang karo Raka nyemauri.

Bar kuwe, Wa Agi karo ponakan lanang lorone langsung mangkat meng Tegal kidul. Ning dalan, Raka ketemu Tugu Poci Slawi maning

"Kowen ngerti pora, bisane kota kie diarani Slawi?" jere Wane.

Raka karo Opang gedheg.

Wane latan cerita "Gemiyen, ana wong arane Ki Gede Sebayu. Dheweke kuwe pendhiri Kota Tegal. Ceritane, Ki Gede Sebayu duwe anak wadon sing ayu lan apik atine, arane Nini Dwijayanti."

Raka karo Opang tekun nyimak critane wane "Latan kepimen, Wa, terusan ceritane?" pitakonane bocah loro.

Wane latan nutugna ceritane "Pas kuwe, Nini Dwijayanti wis gedhe, wis wayahe dadi penganten. Si Nini njaluk karo Bapane ben Bapane, Ki Gede sebayu, nganakaken sayembara kanggo nggolet calon lanang paling apik kanggo

si Nini. Ora let sue, ana wong nom jumlahe 25 sing pada kepengin melu sayembara kuwe. Wong sing 25 kuwe terus digawekaken kemah sing diarani candi ning gunung sebelah kidul. Sayembara latan diwiwiti. Sapa sing bisa negor wit jati sakti sing ana ning kana, kuwe sing bakale berhak dadi bojone Nini. Siji siji, wong nom kuwe mulai usaha negor wit jati mau. Tapineng jebule, wit kuwe atos jotos. Kosi anjog pirang-pirang dina ajeg bae, anjoge Ki Gede Sebayu karo anak wadone mulai kuwatir. Masyarakat tambah rame. Wong-wong pada teka ambal-ambalan. Malahan ana sing kosi pada melu nginep ning pereke candhi 25, kur pingin weruh akhire sing menang sapa.”

“Latan kepimen akhire, Wa?” takone Opang karo Raka penasaran.

“Bareng wis pirang-pirang dina wit jati kuwe ngadeg, laka sing bisa negor. Akhire, pas dina terakhir anane gelaran sayembara kuwe, ketekan santri arane Ki Jadug. Dheweke ngaku krungu kabar sayembara kuwe ning dalan. Dheweke latan njalok ijin nggo melu sayembara kuwe. Ki Gede latan ngulihni santri kuwe melu. Dheweke langsung banyu wudu disit, terus sembayang rong rokaat. Wong-wonge padha sabar ngenteni. Bar kuwe, santrine miwiti usaha kanggo negor wit. Pas pertama ngulungna pethele, wit sakti ora

nglawongi. Tapineng pas digepluk ping lima, mulai ana kedadian aneh. Angin lesus teka, bumine kayong oyag, wit jatine rubuh! Wong-wong padha mlongo lan surak. Santri nom kuwe kepilih dadi sing lanange Nini Dwijayanti. Barengan wis suwe, wong-wong mbeke ngerti jebule Ki Jadug Aran asline Pengeran Purbaya, wong bangsawan Mataram." Jere Wane.

"Sih apa hubungane karo aran Slawi?" takone Raka.

"Tempat sing Gemien ana 25 candi kuwe Saiki diarani Slawi."

"Oh, saka sejarah ana candhi selawe, ya?" takone Opang.

"Bener. Pas taun 1956, kota Slawi didadekaken ibukota Kabupaten Tegal. Kantor Kabupaten Tegale melu dipindhahaken maring Slawi pas taun-1986," jere Wane.

Opang karo Raka anteng ngrungokaken cerita asale kota Slawi. Mobil sing ditumpaki Raka karo Opang jalan terus. Tambah adoh dalane sing diliwati alame tambah katon indah, hawane tambah adhem.

"Alah, pemandangane apik," jere Raka.

"Dhewek wis anjog ning Guci. Guci kuwe daerah gunung sing dhuwure 1.050 meter ning ndhuwure permukaan laut," jere Wa Agi.

"Bisane dhewek mrene?" takon Opang.

"Kiyé negara sing ajib. Deleng bae alame."

Raka karo Opang lingak-linguk merhatikna sekelilinge. Bukit-bukit pada jejer, dalanan mbiak sawah-sawah sing ijo, umah-umahe warga katon mrepal ning ngisor kana.

Kewan-kewan pating sliwer ya ning langite, ya ning bumine kayong padha takon. Ana manuk-manuk padha mabur cendhep ning ndhuwur endhas, marmot, terwelu karo jaran-jaran pada playon ning pinggir dalan. Kosi anjog kebon-kebon stroberi sing buahe abang pada ngampar.

"Bener ya, kie kaya negeri sing ajib!" jere Opang.

"Ora kur kuwe thok ning kene ana kali sing miline banyu anget, ana kali sing miline banyu atis, ana akeh curug, akeh bukit sing apik."

Tumpakan sing ngeselaken awak kayong ora krasa ngeselaken sawise anjog ning tempat asri kuwe.

"Wah, bener-bener ajib, nyong pengin nginep ning kene," kaya kuwe jere Raka lan Opang.

Wong telu akhire mutusaken seneng-seneng karo ngentengna luihan dina ning penginepan. Mbarine wis sore, bocah loro ora wani munggah gunung bengi-bengi.

## 4

### **Nginthili Wedhus Kendhit**

**D**ina isih peteng wayah Raka nglilir ning penginepane. Ning njaba kayong gemerah. Raka nglongok liwat jendela kamare. Wong-wong katon sibuk masang tarub, masang janur kuning, gawe panggung, nyebar kembang napan ning ngarep panggung.

“Dhewek kuwe untung kie! Dina kie awal wulan Sura, warga mesthi arepan nganakaken ruwat bumi Guci kie!” jere Wane ujug-ujug.

Wayah srengenge esuk mulai plenthong, Raka, Opang karo wane metu saka Penginepan. Dheweke siap munggah bukit.





Wong telu kaget pisan menangi ning njaba jebule rame ora lumprah.

"Iz, rame temen!" jere Raka karo Opang.

Rupane warga tembeke bae nganakaken ndonga bareng mbengi.

Latan esuk kiye, wis ana panggung gedhe, dalam isine pengunjung, gamelan gemlundhung sing sepeker. Pereke panggung, akeh tanduran sing dihias, dhuwur kaya gunung.

Ana wedhus loro sing istimewa. Jere arane wedhus kendhit. Wedhus kue katon diiring ning dalam. Wedhus-wedhus sing unik, kabeh wulu ning awake wedhuse warnane ireng, tepineng wulu sing muter ning wetenge putih.

"Njuh pada ndeleng!" Opang ngejak.

"Menek gununge kprimen?" Wa Agine ngguyu ngledhek Opang.

"Mengko Bae, Wa" jere Raka semangat pisan.

Ujug-ujug Raka karo Opange nglangkah, nginthili wedhus.

Salah sijine wedhus jebule disembeleh ning ngisor gunung Kelir. Getih, buntut, kuping, lambe, karo teklike wedhus kuwe dipendhem. Terus luwihane dimasak kanggo dibagi ning warga. Terus wedhus sing sijine dijor Kon Urip arepan dipiara.

Lubar nyembeleh wedhus, wong-wong nganakaken tayuban atawa ronggengan nganggo musik gamelan. Ning acara tayuban kuwe laka sing olih njoget, kejaba wong sing dikalungi dadung.

"Iz, rame ya!" jere Opang.

"Sida Mungguh gunung pora kie?" ngglueh wane maning.

"Mengko ndisit, Wa," jawabe Raka lan Opang karo ngguyu.

Jebule sak wise tayuban, acarane durung pragat. Malahan tambah unik. Wedhus kendhit sing gari siji mau diiring maring kolam banyu panas sing akeh pancurane.

"Arepan diapakaken sih, wedhuse?" takone Raka penasaran.

Latan ora let suwe, pitakonane Raka age-age kejawab. Wedhus kendhit kuwe dilebokna maring kolam banyu anget, diadhusi pas ning ngisoreng pancuran sing pada jejer. Kayonge sing ngadhusi wedhus kae wong-wong penting, tokoh-tokohe masyarakat.

"Kae sih, pancurane kabeh ana telulas," jere Raka.

"Angka 13 ana artine, angger 1 karo 3 ditambah ngko hasile angka 4. Angka 4 artine Sri, lungguh, dunya, lara. Angka sing kaping pat artine 'lara'. Lara nduweni makna

banyu ning pancuran kuwe bisa gawe mari penyakit warna-warna," Wane njelasaken.

"Apa pancen kaya kuwe, Wa?" takone Raka penasaran.

"Ya pancen bisa, angger nganggo cara ilmiah banyu ning tuk panas kuwe pancen nduweni sulfur sing bisa nyehatakan kulit."

Lubar ngadhusi wedhus, wong-wong age-age nyebar kembang. Raka karo Opang tambah kepengin ndeleng ruwat bumi kuwe.

"Kae delengaken gunung olahaneng panen ning kana!" jere Wane.

Ujug-ujug wonge pada ngudhag sol-solan, rebutan gunung sing ditudhing wane. Wonge padha tubrukan janganan, rame pisan.

"Ruwat bumi kaya kie pragate sore. Mengko terakhir ana acara slametan. Ana sega ponggol. Kowen bisa melu rebutan ponggole," jere Wane maning.

Raka karo Opang deleng-delengan "Tapineng dhewek pengin munggah gunung, ya," jere bocah loro.

Bocah loro kuwe sepakat ninggalaken tradisi ruwat bumi. Dheweke bungah bisa menangi acara sing anane setaun sepisan kuwe. Kuwe carane wong Guci nyukuri nikmat sing dinei Pengeran.

## 5

### Kuburan Ning Ndhuwur Bukit

**R**aka, Opang karo Wa Agi nututi dalan sempit sing belak-belok karo manjat. Sepisan-pisan Dheweke padha mandeg karo nglongok mengisor. Tambah meng dhuwur pemandangane tambah katon asri.

“Keprimen rasane munggah gunung?”

“Kesel tapineng nyenengaken,” jawabe Raka.

“Kie arane gunung apa?” takone Opang.

“Bukit, sih” Wane ngguyu, “Angger gunung kuwe gedhe.”  
jere Wane.



"Karuan, maksude nyong bukit apa?" jere Opang.

"Kie bukit Perkasa," jawabe Wane. "Ning bukit kiye, ana kuburane wong penting, arane Mbah Klitik," jere Wane.

"Mbah Klitik, sih, sapa, Wa?" takone Raka.

"Dheweke kuwe bangsawan saka kerajaan Demak, Aran asline Aryo Wiryo. Dheweke ninggalaken istana lan mengembara karo bojone Nyi Tumbu. Pas kae, Dheweke ketemu panggonan kie, terus mulai manggon ning kono. Siji-siji wong mulai pada teka kanggo meguru karo Dheweke. Suwe-suwene panggonan kiye latan megar dadi desa sing akeh wargane. Raden latan ngarani desa kuwe desa keputihan. Ana ning salah sijine dina, warga desa pada kenang pageblug. Wonge padha gudhigen. Raden Aryo lan batire, Kyai Elang Sutajaya, nganakaken ndonga bareng njaluk marine warga. Pas lagi padha ndonga jebule ...." Wane mandheg kari cerita.

Raka karo Opang ngrungokaken tekun pisan, ngenteni terusan ceritane. Nanging wane meneng bae.

"Terusan ...?" takone Raka.

"Keprimen cerita sateruse?" Opang ngejar.

Wane gemuyu kel-kelan "Oh, jebule kowen penasaran, ya?"

"Bah, Wane tah senengane nggluweh," jere Opang karo ngguyu.

"Pas lagi ndonga bareng, jebule gurune Kyai Elang Sutajaya, sing arane Sunan Gunung Jati, melu teka secara gaib. Sunan Gunung Jati toli aweh guci sakti sing isine banyu donga. Banyu kuwe bisa ngobati sapa bae sing nginum. Banyu kuwe akhire disogna ning tuk banyu panas sing saiki diarani Pancuran 13,"

"Oh, penggonan sing nggo ngadusi wedhus kendhit, ya?" jere Opang.

"Ya, Kabeh wong pada nginum banyune toli desane bebas saka pageblug. kanggo ngenang anane kedadian kue Desa Keputihan arane diganti dadi desa Guci." Wane nutugna ceritane.

Raka karo Opang angkluk-angkluk "O ...," jere bocah loro.

"Kae, deleng!" jere Wane karo nuding. "Ning kana ana curuge. Ning kene akeh curug, mbokan pengin, dhewek bisa mana," jere Wane.

"Kapan-kapana maning bae lah. Dina kiye cukup anjog puncak bukit kiye!" Jere Opang karo ngadeg ning pucuke bukit, tangane njrepapang loroneng karo ngorong-ngorong "Nyong paling dhuwur ...," karo kesenengen.

Raka karo Wane padha gemuyu.

## 6

### Prajurit Klungsu

**R**aka karo Opang ndhangak, tembeke bae dheweke midek pucuk bukit sing saiki lagi di delengaken.

“Mau dhewek ning kana, ya,” jere Raka.

“Saiki dhewek wis balik ning ngisor ngkene maning,” nyaute Opang.

Raka, Opang karo wane pada nglonjor nyambi mangan sate terwelu karo moci ning ngisor bukit. Pirang-pirang bocah katon padha dolanan ning pereka dheweke.





Wane nggatekaken bocah-bocah kuwe, "Jebule dolanan kuwe isih ana?" jere Wane ujug-ujug.

Opang karo Raka melu nggatekaken dolananan kuwe. "Kuwe dolanan aparang, sih, Wa?" jere Opang.

"Dolanan khas Tegal, arane klungsu."

"Keprimen cara dolanane?" takone Raka.

"Gari delengaken thok!" jawabe Wane.

Raka karo Opang ndelengaken nyambi mangan suguhane.

Awale bocah-bocah digawe rong klompok. Latan rong klompok kuwe padha baris adu arep madan adoh-adohan. Klompok sing kiwa mulai nembang. Salah sijine bocah sing mlebu klompok kuwe nggawa klungsu, wiji asem. Terusan bocah sing nggawa klungsu kuwe keliling, mindhahaken klungsu sing gegemane dhewek meng gegemane kanca-kanca seklompoke. Bar kuwe toli mandheg kari nembang, tangane bocah-bocah klompok kiwa nggegem kabeh.

"Gian bedhekan, klungsune saiki digegem sapa?" jere bocah-bocah klompok kiwa.

Lawane, bocah-bocah ning klompok tengen padha rundhingan toli nebak kayonge klungsune ning gegemane sapa.

Barengan klompok tengen wis nebak, jebule tebakane salah.

"Ora, ora ning gegemane Yoko, wong ning gegemane nyong!" jere salah sijine bocah klompok kiwa latan kanca seklompoke padha ngguyu karo surak kabeh.

Raka karo Opang melu ngguyu. Dheweke tambah seneng ndelengaken bocah dolanan klungsu.

Bar kuwe, klompok bocah sing kiwa latan mlempat seadoh-adohe meng tempate klompok tengen.

"Klompok endi sing anjog maring tempat lawane ndisit, klompok kuwe sing menang," jere Wane.

"Angger tebakane bener, primen?" jere Opang.

"Ya, sing nyekeli klungsu ijolan!" jawabe wane

"Iz, rame, ya!" jere Raka

"Njuh dhewek nyoba!" Opang ngejak.

"Ya, kena, mengko angger wis anjog meng umahe Wane. Tapineng dhewek butuh prajurit tambahan, soale dolanane rombongan," njawabe Raka.

"Alah iya, ya, dhewek kur bocah loronan thok," jere Opang karo nggeplek bathuke dhewek.

"Dolanane tradisional kaya kie tambah sue tambah setitik jumlahe. Pirang-pirang dolanane tradisional malahan wis punah. Kalah karo gawai," jere Wane.

## 7

### **Adhukan Lemah Abang Lawan Banyu Gula**

**P**uas rasane nginep karo dolanan ning Guci. Dina kiye wayahe dheweke balik maring umahe Wane.

Pas lagi dalan balik, mobile Wane mandheg ning siji tempat. "Nyong pengen tuku olih-olih kanggo wong tuwane kowen." Wane latan mlebu meng njero umahe.

Umahe kae ana toko perabotan ning arepe. Akeh poci, cangkir, kendhi, piring, celegan lan liya-liyane. Akehe perabot sing dipajang ning toko warnane coklat, mesthi gawene nganggo lemah Abang.



Wane dipapag daning sing duwe umah. Dheweke katon akrab. Sing duwe umahe latan ngejak dhewek meng buri umahe. Ning kana ana gubuge. Ana wong-wong sing lagi pada gubes gawe adhonan. Ning pereke wong-wong kuwe ana pirang-pirang alat, kayata lemah abang, kuas, alat sing nggo ngukir, meja puter, lan banyu. Weruh wong-wong kuwe, Raka karo Opang langsung bisa nebak apa sing lagi dilakoni wong-wong kuwe.

"Kowen arepan nyoba gawe poci atawa celengan dhewek?" Wane nawani.

"Lah, ya, gelem, seneng pisan malahan, Wa!"

"Keprimen carane?"

Kancane Wane langsung marai cara gawene karo semangat pisan. Dheweke kongkon Raka karo Opang njikut lemah abang, terus ditambahi banyu, terut secuil kosi anjong dadi adhonan sing gampang dibentuk. Takeran banyune ora ulih keakehen, tapineng ya ora ulih kesecuwilen. Bar wis ulih adonan sing pas, Raka karo Opang mulai mikir arepan padha gawe apa.

"Nyong pan gawe patung sing bentuke kaya manuk, lah," jere Raka."

Kowen arepan gawe apa?" Raka takon karo Opang.

Opang mesem. "Rahasia," njawabe Opang. Opang latan nyilih meja puter, adhukan lemah abange disog ning ndhuwure meja puter. Dheweke mulai gawe bunderan, mejane muter, bunderane latan disogi lemah maning ning pinggirane. Suwe-suwe lemah kuwe mulai katon gethong.

"Mangkoke kowen katon apik," jere Wane. Padhahal asline mangkoke Opang madan peyang sebabe Opang durung bisa gawe bunderan sing kluwer.

Patung manuke Raka naha wis dadi, cewiwi kiwa karo tengene katon dengdek. Tapineng Raka mesem bungah pisan, "Lumayan apik, kan, manuke nyong?"

Raka karo Opang age-age ngepe gaweane dhewek ning ngisor srengenge. Wane latan ngejak bocah loro maring pedhangane kancane. Ning kana ana bojone kancane Wane lagi gawe gula batu.

Awale bojone kancane Wane ngejeri gula karo banyu. Ejeran kuwe digeneni kosi 30--45 menit. Bar mateng, banyu gulane dituangi maring jero wadhah. Wadhaha kaya panci tapineng akeh tempelan bolane patung kelalar kaya jaring ning njerone wadhaha.

"Kuwe sih bolane nggo apa?" jere Raka.

"Kiraneng gulane pating trempel padha nemplok, mbatu ning bolane," jerene. "Bar kuwe kie banyu gulane di jor ana

seminggu" jere bojone kancane Wane. Bisane? Kiraneng apa?"

"Kiraneng banyune susud, pada mabur kegawa kukus, suwe-suwene banyune susud. Toli gulane tambah kenthel. Engko tambah suwe gulane tambah misah sing banyune, gulane pating trempel ning bolane pada mbatu."

"Angger wis seminggu berati banyu gulane wis ganti wujud dadi gula batu? Daneng kaya sulapan?" jere Raka.

"Ya pancen, ajib, ya. Tapineng isih ana gulane, engko digaringna ndhisit, dipe ya kena eben bener-bener garing."

"Nyong gawe dhewek ning umah dadi pora, ya?"

"Angger direwangi Mane, ya, mesthi bisa. Angger gawe ning umah, banyu gulane dituangi bae ning gelas kaca. Dicemplungi bola atawa kayu, tapi bola atawa kayu kue ditaleni eben aja kosi obah. Bar kue di jorna bae sapendak. O, ya aja ngesogna cairan gula kuwe pereke tivi ngko suarane bisa ngobahaken banyu gulane, ngko gulane ora bisa mbatu."jere bojone kancane wane.

Bojone kancane wane latan awesh gula batu rong bungkus kannggo Raka karo Opang. Bocah lorone langsung ngomong "Matur nuwun."



Sawise tuku pirang-pirang set poci, Wane, Raka, karo Opang padha pamitan. Ora kelalen Raka karo Opang nggawa ciptaane dheweke sing wujud patung manuk karo mangkok orang sing urung patia garing.

## 8

### **Ketemu Ki Gede Sebayu**

**N**ing ngarep umahe Wane, wong tuane Raka karo Opang bungah mapag bocah-bocah. Opang karo Raka mlayu ngudag wong tuane dhewek-dhewek.

Wane ngetokaken ulih-ulih saka bagasi mobile. Raka karo Opange mameraken gaweane dhewek sing nganggo lemah abang.

“Ealah, kaya kie rupane gaweane kowen padha ning kota Tetegal kie?”

“Tegal sih, Bapane!”



Bapane Raka mesem. "Iya, Tegal kuwe sing kata teteguali. Gemiyen abane ana pelaut Portugis sing arane Tome Pires sing ngarani panggonan kie nganggo sebutan Teteguali, artine tanah sing subur."

"Tegal pancen subur, Bapane. Nyong wis weruh dhewek," jere Raka.

"Sembareng pertama daerah kiye dibangun ding Ki Gede Sebayu, dhaerah kiye pancen pahale panen tanduran tani sing akeh."

"Bapane ngarti Ki Gede Sebayu?"

"Dheweke bangsawan saka kerajaan Mataram. Gemiyene, dheweke ninggalaken kerajaan latan ketemu dhaerah subur, kosi akhire dibangun dadi dhaerah Teteguali. Cindhek cerita, ning salah siji dina, kakange Ki Gede sing arane Pangeran Benowo diangkat dadi Raja Pajang. Pangeran Benowo nggoleti adhine, Ki gedhe Sebayu, arepan didadekaken patihe. Pangeran Benowo kongkonan prajurit nggoleti adhine. Prajurit kuwe akhire nemokna Ki Gede Sebayu ning desa Teteguali. Bareng wis ketemu, jebule Ki Gedene ora gelem balik, merga ora tega ninggalaken Desa Teteguali. Pangeran Benowo akhire ngangkat Ki Gede Sebayu dadi juru damung atau sesepuh Desa Teteguali. Diangkate Ki Gede kuwe dianakaken pas ning wengi Jumat

Kliwon, 15 Sapar Taun 988 Hijriah atawa 12 April 1580  
Masehi. Dina kuwe mau akhira ditetepaken dadi dina dadine  
Kota Tegal.”

Raka ngrungokaken ceritane bapane tekun pisan.  
Meneng-meneng, Raka mbayangaken ketemu Ki Gede  
Sebayu.

## 9

### **Pada Balik Njuh!**

**A**yam padha keluruk. Srengenge mulai plenthong ning langit sebelah wetan.

"Kayong madan gerimis iya, Ma?" jere Raka.

"Iya, gerimis karo panther."

Ujug-ujug Opang mlayu kemrukud sing pipir mburi umah.

"Kowen sih kenang apa? Weruh setan?" Rakane takon karo gumun.

"Ana pelangi, apiik nemen, sung!"



"Mendi?" Raka takon karo mlayu meng pipir. Opang melu mbalik maning nginthili Raka.

"Iz, apike! Jelas nepor!" Wadule Raka gumun nemen.

Ning langit katon ana gambare warna rupa. Abang, jingga, kuning, ijo, biru, nila, karo wungu.

"Kae ana bidhadhari lagi pada adhus!" jere Bapane Opang karo manasi mobile. Sedhelat maning, keluargane Opang wis siap mbalik meng umahe, ning Pemalang kota.

"Asline tah ya ora kaya kuwe ya, Lik!" jere Raka karo Lik Toto, bapane Opang.

"Jere kowen keprimen, ya? Bisane ana abang ijo kaya kae ning langite?"

"Ceritane dawa, Lik!"

"Ya tek rungokna, karo ngenteni mobile panas. Pimen ya ceritane?" jere Lik Toto.

"Umpamane murubing srengenge kuwe makhluk urip. Murubing srengenge tek arani si Sinar."

"Ya terus pimen?"

"Si Sinar kuwe metu saka istana srengenge warnane katon putih murub. Warna putih murub kuwe asline gabungane warna akeh. Si Sinar latan mabur lurus pan meng bumi ngliwati dalam wujud udara. Pas lagi enak-enake mabur meng bumi, ning dalam ketemu si Banyu udan. Lah,



ding si Banyu udan, si Sinar dipaksa mbelok. Sayange, pas si Sinar mbelok, warna-warna sing nyusun awake dhewek ora bisa mbelok bareng. Sebabe warna-warna sing nyusun awake si Sinar nduweni sudhut belok sejen-sejen. Akhire, awake si Sinar buyar, pecah dadi pitu, padha akehe karo warna sing nyusun awake. Si Wungu dadi warna pertama sing dibelokaken si Banyu udan. Angger si Abang dadi warna terakhir sing dibelokaken ding si Banyu udan. Mulane saben ana udan kari penther bareng, seringe ana pelangi. Pelangi kuwe tumpukan warnane ya ajeg yakuwe abang, jingga, kuning, ijo, biru, nila, wungu. Nah, kaya kuwe ceritane."

"Ajib kowen!" Lik Totone keprok karo ngalem ponakane. "Kiyeh, tek nei sangu nggo sekolah, ya!" jere Lik Toto karo nyelipaken amplop meng sak klambine Raka, "Kudu di trima!"

"Matur nuwun, Lik."

"Wis, ya, nyong mbalik ndisit maring Pemalang, njuh pada mampir!" keluargane Opang pamitan.

Disusul keluargane Raka sing padha bae pan mbalik meng Moga. Raka nyalami tangane wane lanang wadon, pamitan.

Ning umahe Wa Agi, balik maning anane kur Wa Agi karo bojone. Ning ruang dayoh umahe Wa Agi dipasang hiasan kanggo kenang-kenangan: poci sunat sing wis dicopot

perbane, patung lemah gaweane Raka, lan mangkok peyang gaweane Opang. Saben wane mandengi barang-barang kuwe, wane gemuyu bungah.

**TAMAT**

## Biodata Pangripta-Panjarwa



**Arvatus Syiva** lair ing Pemalang, tanggal 30 Juni. Piyayi putri sing saiki mulang ing MTs An Nur Walangsanga iki lulusan Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Semarang. Dheweke duwe kesenengan nulis lan maca. Anggitane sing kapisan terbit ing taun 2005 awujud buku antologi cerpen dwibahasa Indonesia-Prancis kanthi irah-irahan *Qu'est-ce Qu'elle Pense*. Dheweke bisa dihubungi ing akun Instagram @arvatussyiva.

# Tamasya di Negeri Poci

Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah

# 1

## Undangan Sunat Poci

**A**neh! Tak seperti biasa, setiap Raka mendapat undangan sunatan dari temannya, Ibu selalu menyiapkan kado. Namun, hari ini Ibu bahkan melarangnya.

"Bu, bukankah yang memberi undangan sunatan itu Paman?" tanya Raka heran, "Mengapa aku tidak diperbolehkan membawa kado untuk sepupuku sendiri?" tanya Raka lagi.

Ibu malah tertawa, "Nak, Pamanmu itu tidak punya anak," kata Ibu sambil memasukan barang ke bagasi mobil.



"Kita ini akan menghadiri undangan sunat poci," sahut Ayah, "Kamu tak perlu repot membawa kado untuk sebuah poci," lanjut Ayah lagi.

Mendengar ucapan ayah, Raka semakin heran. Apa itu sunat poci?

Raka dan keluarga kecilnya pun segera bertolak ke Tegal. Mereka akan menghadiri perayaan sunatan di rumah Paman Agi, kakak ayah Raka.

Ayah Raka menyetir mobil dengan kecepatan sedang. Mereka menempuh jarak 50 km dari rumahnya di Desa Moga menuju rumah pamannya di Desa Getaskerep.

